**FÒM ECHANTIYON KONJE PEYE POU COVID-19**

## Fòm Demand Massachusetts Konje Peye pou Maladi COVID 19 ann Ijans pou yon Ti Tan

Daprè lalwa, anplwaye yo dwe soumèt yon demand alekri bay anplwayè yo si yo vle pran Konje Peye Maladi COVID-19 ann Ijans pou yon Ti Tan (Konje Peye COVID-19) yo. Ranpli epi soumèt fòm sa a bay depatman HR ou an, ansanm ak dokiman alekri ki kore demand ou an, anvan ou pal konje oubyen bonè mezi sa posib. Epitou ou dwe respekte tout pwosedi notifikasyon estanda yo konsènan sipèvizè w oswa manadjè w lan, jan sa konvnab.

| | |
|---|---|
| **Non** | |
| **Nimewo ID Anplwayè** | |
| **SSN oswa Nimewo ID Fiskal** | |
| **Dat Kòmansman Konje a/Kilè** | |
| **Dat Fen Konje Peye a/Kilè** | |

Tcheke kaz ki anba la a ki koresponn ak rezon ki kalifye pou Konje Peye Maladi COVID-19 la:

☐ Mwen bezwen:

- mete tèt mwen apa epi okipe m paske mwen te resevwa dyagnostik pozitif pou COVID-19 la;
- chèche jwenn yon dyagnostik, swen oswa tretman medikal pou sentòm COVID-19 yo; oswa
- pran vaksen oswa refè aprè ou pran vaksen COVID-19 la.

☐ Mwen dwe okkipe yon moun nan fanmi m ki:

- dwe mete tèt li apa akòz yon dyagnostik COVID-19; oubyen
- bezwen yon dyagnostik, swen oswa tretman medikal pou sentòm COVID-19 yo.

☐ Mwen resevwa yon lòd oswa yon detèminasyon (desizyon) pou mete apa an karantèn anplwaye a ki soti nan men yon ofisyèl piblik lokal, federal oswa Eta a oubyen nan men yon otorite sante ki gen konpetans pou pran desizyon sa a anplwayè mwen, oubyen nan men yon founisè swen sante.

Non antite leta, anplwayè, oswa founisè swen sante a ki bay lòd oubyen ki konseye pou ou mete tèt ou apa an karantèn:

| |
|---|
| |

☐ Mwen bezwen okipe m de yon manm fanmi m akòz yon lòd karantèn oswa yon detèminasyon (desizyon) pou mete apa an karantèn konsènan manm fanmi sa a, ki soti nan men yon ofisyèl piblik lokal, federal oswa Eta a, nan men yon otorite sante ki gen konpetns pou pran desizyon sa oubyen nan men yon founisè swen sante.

Non antite leta, anplwayè, oswa founisè swen sante a ki bay lòd oubyen ki konseye karantèn la:

| |
|---|
| |

**FÒM ECHANTIYON KONJE PEYE POU COVID-19**

Non moun ki dwe mete tèt li apa an karantèn, ak sa ou ye pou moun sa a (tankou yon mari/madanm, paran, elatriye):

| |
|---|
| |

Siyen mwen siyen anba la a, mwen konfime mwen kalifye pou Konje Peye pou Maladi COVID-19 pou rezon ki endike anwo a epi, akòz rezon sa a, mwen pa kapab travay ni fè okenn travay a distans. Mwne konprann si mwen fè fo deklarasyon, yo gendwa sanksyone m. Mwen pral notifye biwo HR (Resous Imèn) mwen an epi manadjè/sipèvizè mwen depi sikonstans mwen yo chanje.

______________________________

Siyati Anplwaye a

______________________________

Dat

**Asire w ou pa bliye may okenn dokiman sipò alekri pou kore demand ou, ansanm ak avo alekri ou ranpli epi ou siyen bay biwo HR ou an.**

---

SE HR SÈLMAN KI OTORIZE EKRI ANBA LA A:

| | |
|---|---|
| **Dat/Lè Kòmansman Konje Peye a Toutbon** | |
| **Dat/Lè Finisman Konje Peye a Toutbon** | |
| **Total Èdtan ki Itilize** | |
| **Total Salè ki Touche a** | |
| **Total Depans ki Asosye yo** | |
| **Lye Travay Prensipal[1] Anplwaye a** | |
| **Kantite Mwayèn Èdtan Travay nan yon Semèn[2]** | |

[1] "Lye travay prensipal" yon anplwaye siyifi lye travay oswa anplasman fizik kote anplwaye a pase pi gwo pousantaj lè travay li yo ant dat 1ye janvye 2020 ak 30 avril 2021; akò teletravay ki siyen pandan peryòd sa a pa ta dwe teni kont nan detèminasyon sa a. Pou yon nouvo anplwaye ki te kòmanse travay nan dat oswa apre 1ye me 2021, "lye travay prensipal" siyifi lye travay oswa anplasman fizik kote anplwaye a ta dwe pase pi gwo pousantaj lè travay ant premye jou travay la ak 30 septanm 2021, daprè akòtravay anplwayè a te negosye ak anplwaye a. Sepandan, yon "lye travay prensipal" yon anplwaye pa sitye nan Massachusetts si yo te transfere li ou tout tan andeyò Eta a.

[2] Pou anplwaye sa yo orè travay yo ak kantite èdtan yo varye chak semèn, kantite mwayèn èdtan anplwaye a te pwogrme pou li travay chak semèn pandan 6 mwa ki sot pase yo. Si yon anplwaye ki gen yon orètravay varyab pa t travay pou anplwayè a pandan 6 mwa, kantite èdtan anplwaye a te atann li lè yo te anboche l la pou l travay rezonabman nan yon semèn.